

**IN THE COURT OF COMMON PLEAS OF \_\_\_\_\_ COUNTY**  
**DEVAN TRIBINAL PREMYE ENSTANS NAN KONTE \_\_\_\_\_**

**PLAINTIFF / PLENYAN**

**CASE NO. / NO. DOSYE**

VS.

**DEFENDANT / AKIZE**

**PROTECTION FROM ABUSE /  
PWOTEKSYON KONT ABI**

**FINAL ORDER FOR PROTECTION OF  
VICTIMS OF**

- SEXUAL VIOLENCE**
- SEXUAL VIOLENCE AGAINST A  
MINOR CHILD**
- INTIMIDATION**

**ÒDONANS FINAL POU PWOTEKSYON  
VIKTIM**

- VYÒL**
- VYÒL KONT YON TIMOUN MINÈ**
- ENTIMIDASYON**

Plaintiff:

Pleyan an:

\_\_\_\_\_  
First            Middle            Last Name

\_\_\_\_\_  
Prenon            Dezyèm Non            Siyati

Plaintiff's address:

Adrès Pleyan an:

Plaintiff's address is confidential pursuant to 42 Pa.C.S. § 62A11.

Adrès pleyan an konfidansyèl selon lwa 42 Pa.C.S. § 62A11.

Defendant:

Defandè:

\_\_\_\_\_  
First            Middle            Last Name

\_\_\_\_\_  
Prenon            Dezyèm Non            Siyati

Defendant's Address:

Adrès Defandè an:

DEFENDANT IDENTIFIERS			
DOB		HEIGHT	
SEX		WEIGHT	
RACE		EYES	
HAIR			
SSN			
DRIVERS LICENSE #			
EXP DATE		STATE	

IDANTIFIKASYON DEFANDE A			
DAT NESANS		WOTE	
SEKS		PWA KO	
RAS		KOULE ZYE	
KOULE CHEVE			
# SEK. SOSYAL			
# LISANS			
DAT EKSP.		ETA	

The court hereby finds that it has jurisdiction over the parties and the subject matter and that Defendant has been provided with reasonable notice and opportunity to be heard.

Tribinal la jije li gen jiridiksyon sou Pleyan an, Defandè a, ak zafè a epi yo te bay Defandè a ase avètisman ak yon opòtinite pou defann tèt li.

Defendant was served in accordance with Pa.R.C.P. No. 1954(a) and provided notice of the time, date and location of the hearing scheduled in this matter.

Yo te pote dokiman yo bay Defandè a konfòmman ak Pa.R.C.P. No. 1954(a) epi yo te avèti li lè, dat, ak kote yo te pwograme odyans pou zafè sa a.

Order Effective Date: \_\_\_\_\_  
Order Expiration Date: \_\_\_\_\_

Dat Òdonans La Kòmanse: \_\_\_\_\_  
Dat Òdonans La Ekspire: \_\_\_\_\_

AND NOW, this \_\_\_\_\_ day of \_\_\_\_\_, 20\_\_, upon consideration of the attached Petition for Protection of Victims of Sexual Violence or Intimidation, the court hereby enters the following Final Order:

EPI KOUNYE A, \_\_\_\_\_ jou \_\_\_\_\_, 20\_\_, apre nou te fin konsidere Petisyon Pou Pwoteksyon Viktim Kont Vyòl oswa Entimidasyon ki vini ak dokiman sa a, tribinal la enskri Òdonans Final sa a:

It is ORDERED, ADJUDGED AND DECREED as follows:

Nou ÒDONE, JIJE, AK DEKRETE bagay sa yo:

This order is entered (check one)  
 by agreement;  by agreement without an admission;  after a hearing and decision by the court;  after a hearing at which Defendant was not present, despite proper service being made;  by default. Without regard as to how the order was entered, this is a final

Òdonans sa a enskri (chwazi youn)  selon akò;  akò san yon rekonesans;  apre yon odyans ak desizyon jij la;  apre yon odyans kote Defandè a pa te la, malgre yo te pote dokiman yo ba li kòm sadwa;  otomatikman. San gade sou fason yo te enskri òdonans la, sa a se yon

order of court subject to full enforcement pursuant to the Protection of Victims of Sexual Violence or Intimidation Act.

òdonans final tribinal la yo sipoze respekte tout sa ki ladan konfòmeman ak Lwa Pwoteksyon Viktim Vyòl oswa Entimidasyon an.

Plaintiff's request for a final protection order is denied.

Nou refize demann Pleyan an pou yon pwoteksyon final.

OR

OSWA

Plaintiff's request for a final protection order is granted.

Nou akòde Pleyan an demann li pou yon pwoteksyon final.

1. The following person is protected under this order:

1. Men kimoun ki gen pwoteksyon sou òdonans sa a:

---

---

---

---

2. Defendant is:

2. Nou entèdi Defandè a:

A. Restrained from having any contact with the victim, including, but not limited to, entering the victim's residence, place of employment, business or school.

A. Pran okenn kontak ak viktim sa. Sa gen ladan pa antre kote viktim nan rete, kote l ap travay, biznis li, oswa lekòl li.

B. Prohibited from indirect contact with the victim through third parties.

B. Itilize lòt moun pou pran kontak endirèk ak viktim nan.

C. Prohibited from direct or indirect contact with the following designated persons:

C. Itilize lòt moun yo nome pou pran kontak dirèk oswa endirèk ak viktim nan:

---

---

---

---

D. Ordered to pay the fees of this action.

D. Nou pase Defandè a lòd pou peye frè pou pwosedi sa a.

3. Additional relief, including, but not limited to, issuing an order under 42 Pa.C.S. § 62A11(b) related to the non-disclosure of the victim's address, telephone number, whereabouts or other demographic information:

---

---

---

---

---

3. Plis pwoteksyon, tankou pase yon òdonans selon 42 Pa.C.S. § 62A11(b) pou pa pataje adrès viktim nan, nimewo telefòn li, ki kote li ye oswa lòt enfòmasyon demografik:

---

---

---

---

---

4. Because this order followed a contested proceeding, or a hearing at which Defendant was not present, despite being served with a copy of the petition, temporary order and notice of the date, time and place of the hearing, Defendant is ordered to pay an additional \$100 surcharge to the court, which shall be distributed in the manner set forth in 42 Pa.C.S. § 62A05(c.1).

4. Paske te gen yon kontestasyon kont òdonans sa a, oswa te gen yon odyans kote Defandè a pa te la, malgre yo te pote papyè petisyon, òdonans tanporè ak avètisman sou dat, lè ak kote odyans la ap fèt kòmsadwa, nou òdone Defandè a pou li peye yon lòt \$100 bay tribinal la, epi y ap distribye li jan sa prezante nan 42 Pa.C.S. § 62A05(c.1).

5. THIS ORDER SUPERSEDES ANY PRIOR PROTECTION OF VICTIMS OF SEXUAL VIOLENCE OR INTIMIDATION ORDER OBTAINED BY THE SAME PLAINTIFF AGAINST THE SAME DEFENDANT.

5. ÒDONANS SA A RANPLASE NENPÒT PWOTEKSYON VIKTIM VYÒL OSWA ENTIMIDSAYON MENM PLEYAN AN TE GEN POU MENM DEFANDÈ A AVAN.

#### NOTICE TO THE DEFENDANT

#### AVÈTISMAN POU DEFANDÈ A

Defendant is hereby notified that violation of this order may result in arrest for indirect criminal contempt. Under 18 U.S.C. § 2265, an order entered by the court may be enforceable in all fifty (50) States, the District of Columbia, Tribal Lands, U.S. Territories and the Commonwealth of Puerto Rico. If you travel outside of the state and intentionally violate this order, you may be subject to federal criminal proceedings

Nan dokiman sa a nou avèti Defandè a yo kapab arete li pou dezobeyisans kriminèl endirèk si li ta vyole òdonans sa a. Selon lwa 18 U.S.C. § 2265, yo gen dwa fè respekte yon òdonans ki anrejistre nan tribinal la nan tout senkant (50) Eta yo, Distri Columbia, Tè Tribal, Teritwa Ameriken, ak Pòtoriko. Si ou kite eta a epi ou fè eksprè ou vyole òdonans sa a, ou kapab gen pou ale nan pwosedi kriminèl nan nivo federal sou

under the Violence Against Women Act, 18 U.S.C. § 2262. Consent of Plaintiff shall not invalidate this order, which can only be changed or modified through the filing of appropriate court papers for that purpose. 42 Pa.C.S. § 62A17. Defendant is further notified that violation of this order may subject him/her to prosecution and criminal penalties under the Pennsylvania Crimes Code.

#### NOTICE TO SHERIFF, POLICE AND LAW ENFORCEMENT OFFICIALS

The police department and sheriff who have jurisdiction over Plaintiff's residence, the location where a violation of this order occurs, or where Defendant may be located, shall enforce this order. The court shall have jurisdiction over any indirect criminal contempt proceeding, either in the county where the violation occurred or where this protective order was entered. An arrest for violation of paragraphs 2 and 3 of this order may be without warrant, based solely on probable cause, whether or not the violation is committed in the presence of the police or any sheriff. 42 Pa.C.S. § 62A12.

When Defendant is placed under arrest for violation of the order, Defendant shall be taken to the appropriate authority or authorities before whom Defendant is to be arraigned. A "Complaint for Indirect Criminal Contempt" shall then be completed and signed by the police officer, sheriff or Plaintiff. Plaintiff's presence and signature are not required to file the complaint.

Violence Against Women Act (lwa pou vyolans kont fanm), 18 U.S.C. § 2262 . Menm si Pleyan an ta bay konsantman, ou p ap ka anile òdonans sa a. Se sèlman apre nou fin depoze papyè tribinal pou fè sa n ap kapab chanje oswa modifiye li. 42 Pa.C.S. § 62A17. Nou avèti Defandè a tou, yo kapab pouswiv li nan lajistis epi enpoze penalite kriminèl sou Kòd Krim Pennsylvania si li vyole òdonans sa a.

#### AVÈTISMAN POU CHERIF, LAPOLIS AK LÒT AJAN NAN LAPOLIS

Depatman lapolis ak cherif ki gen jiridiksyon sou rezidans Pleyan an, kote yo te vyole òdonans sa a, oswa kote Defandè a kapab ye, dwe fè respekte òdonans sa a. Tribinal la ap gen jiridiksyon sou nenpòt pwosedi pou dezobeyisans endirèk kriminèl, swa nan konte kote vyolasyon an te fèt oswa kote yo te enskri òdonans pou pwoteksyon sa a. Yo kapab arete Defandè a pou vyolasyon paragraf 2 ak 3 òdonans sa a san manda, epi li kapab baze sèlman sou kòz pwobab, kit li te komèt vyolasyon an devan lapolis oswa nenpòt cherif ou pa. 42 Pa.C.S. § 62A12.

Lè yo arete yon Defandè paske li vyole òdonans la, y ap mennen Defandè a bay otorite ki apwopriye a pou bay Defandè a akizasyon ofisyèl la. Apresa polis, cherif, oswa Pleyan an ap ranpli yon fòm "Plent Pou Dezobeyisans Kriminèl Endirèk" epi siyen li. Nou pa bezwen Pleyan an la oswa siyen pou depoze plent la.

If sufficient grounds for violation of this order are alleged: (1) Defendant shall be arraigned; (2) bond set, if appropriate; and (3) both parties shall be given notice of the date of the hearing.

Si yo bay ase prèv li te vyole òdonans sa a: (1) Y ap mennen Defandè a nan tribinal pou bay li akizasyon ofisyèl li; (2) fikse kosyon li, si sa apwopriye; epi (3) y ap bay Pleyan an ak Defandè a dat odyans la.

BY THE COURT / *POU TRIBINAL LA*:

\_\_\_\_\_  
Judge / *Jij*

\_\_\_\_\_  
Date / *Dat*

If a Final Order of Court is entered pursuant to the consent of the plaintiff and the defendant, both shall sign the order along with their counsel, if any:

Si yo enskri yon Òdonans Final Tribinal la apre konsantman pleyan an ak defandè a, yo tou de dwa siyen òdonans la ansanm ak avoka yo, si genyen:

\_\_\_\_\_  
(Plaintiff's signature /  
*Siyati pleyan an*)

\_\_\_\_\_  
(Defendant's signature /  
*Siyati defandè a*)

\_\_\_\_\_  
(Plaintiff's attorney's signature /  
*Siyati avoka pleyan an*)

\_\_\_\_\_  
(Defendant's attorney's signature /  
*Siyati avoka defandè a*)